



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON KONTINYÈL KAPASITE TÈS VARYÒL SENJ LAN AVÈK APWOBASYON NOUVO APLIKASYON TÈS PCR QUEST DIAGNOSTICS LA

Fè pati inisyativ kontinyèl Eta a pou mete vaksen, tès ak resous yo disponib tout kote

W ap jwenn plis enfòmasyon sou health.ny.gov/monkeypox

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia ke Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) la te revize ak apwouve aplikasyon resan Quest Diagnostics pou tès pou idantifye varyòl senj (monkeypox) lan nan Eta New York. Tès la, ki sèvi ak teknoloji PCR an tan reyèl pou teste echantiyon moun ki prezante avèk iritasyon vezikilè oswa pistil, pral elaji plis gwo kapasite tès Eta New York la epi bay founisè yo yon lòt opsyon lè sa gen pou wè ak laboratwa ki ka trete echantiyon yo epi detekte viris varyòl senj lan. Kounye a, echantiyon yo ka teste nan Wadsworth Center eta a, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, epitou atravè laboratwa prive tankou LabCorp, Mayo Clinic, Aegis Sciences Corporation, Sonic Healthcare, ak UR Medicine Lab.

"New York toujou ap fè fas ak yon kantite ka varyòl senj ki pa pwopòsyonèl epi n ap kontinye reponn ak moman sa a avèk ijans ak aksyon agresif", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Anons jodi a chita sou efò kontinyèl nou yo pou reponn ak varyòl senj lan pou elaji kapasite tès yo, garanti plis vaksen epi mete resous yo disponib otan sa posib. Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou pwoteje Nouyòkè yo, sa gen ladan kominote ki pi vilnerab nou yo".

Menm jan ak lòt tès ki disponib yo, nouvo tès Quest Diagnostics pou reyaksyon an chèn pa polimeraz (Polymerase Chain Reaction, PCR) yo sèvi ak echantiyon prelevman founisè swen sante yo kolekte, tankou doktè premye swen, lopital oswa swen ijan, kay pasyan ki prezante ak yon iritasyon pistilè oswa vezikilè jeneralize. Quest te anonse nouvo kalite tès la nan mitan mwa jiyè, avèk deplwaman ki prevwa pou semèn k ap vini yo. Dapre Lwa Sante Piblik Eta New York la, Depatman Sante a te oblije pran lòt mezi pou apwouve nouvo tès sa a, avèk Quest Diagnostics ki te soumèt enfòmasyon bay Pwogram Evalyasyon Laboratwa Klinik (Clinical Laboratory Evaluation Program, CLEP). Revizyon sa a fini kounye a.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Pandan n ap kontinye elaji kapasite tès varyòl senj lan atravè lòt itilizasyon laboratwa prive yo, li enpòtan pou nou konnen Wadsworth Center Eta a gen kapasite disponib tou pou fè tès anplis. Men, vrè defi a avèk tès la sè ke li enplike ti blesi nan prelevman, ki dwe prezan pou tès la evalye si viris la prezan tou. San ti blesi, tès la pa posib kounye a. Epi n ap kontinye travay pou asire ke founisè yo konnen ki lè ak kijan pou fè tès pou varyòl senj lan".

Founisè yo ka jwenn enstriksyon detaye sou fason pou yo kolekte echantiyon yo nan [konsèy sante yo](#) depatman an te pataje atravè rezo alèt sou sante a.

Kapasite tès elaji an chita sou efò repons kontinyèl Depatman Sante Eta New York (NYSDOH) sou varyòl senj lan, ki te gen ladan l lanse dènyèman yon nouvo inisyativ notifikasyon SMS-tèks pou bay dènye enfòmasyon sou varyòl senj lan dirèkteman bay Nouyòkè yo. Nouyòkè yo ka enskri pou resevwa mesaj tèks—ki pral gen ladan alèt sou ka, sentòm, pwopagasyon, ak resous pou tès ak vaksinasyon—lè w voye tèks "MONKEYPOX" nan 81336 oswa "MONKEYPOXESP" pou tèks an Panyòl. Lè w bay yon kòd postal, Nouyòkè yo ka enskri tou pou mesaj ki baze sou lokalizasyon.

Akòz kowòdinasyon kontinyèl Eta New York avèk Ekip Repons Varyòl Senj Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a, Eta New York te garanti plis pase 60,000 dòz jiska prezan, enkli sa yo pou Vil New York. Gouvènè Hochul te pale dènyèman ak Doktè Ashish Jha nan Mezon Blanch pou asire New York resevwa pati rezèv vaksen jis li osito yo disponib, espesyalman pou Nouyòkè sa yo ki nan kominote ki gen gwo pousantaj transmisyon yo.

[Sitwèb dedye](#) NYSDOH la, ki rete ajou avèk dènye enfòmasyon yo, gen materyèl gratis, ki ka telechaje ki gen ladan yon kat palmè, kat enfòmasyon, feyè ak afich ki disponib nan lang Angle ak Panyòl. NYSDOH te deja distribye resous sa yo bay òganizasyon LGBTQ+, depatman sante lokal konte yo, founisè swen sante yo ak biznis yo. NYSDOH te angaje tou nan yon kanpay piblisite dijital ki peye pou founi enfòmasyon bay kominote yo ki gen pi gwo pousantaj ka varyòl senj.

Anplis sansibilizasyon piblik, Depatman Sante Eta New York la kontinye konsantre sou distribiye vaksen nan kominote yo. Depatman sante lokal konte yo ki te resevwa rezèv ap administre vaksen an dirèkteman epi etabli pwòp pwosesis randevou yo. Nan travay an patenarya avèk konte yo, Nouyòkè ki enskri pou alèt ki baze sou lokalizasyon yo ka resevwa alèt sou disponiblite vaksen yo, lokalizasyon klinik yo, orè yo, ak lòt mizajou ki gen rapò ak varyòl makak la ki espesifik pou zòn yo.

Nan kòmansman mwa sa a, NYSDOH, an patenarya ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYCDOHMH), te òganize yon [Reyinyon Meri sou Varyòl Senj lan](#) pou lidè kominote ke Komisè Sante Eta Doktè Mary T. Bassett ak Komisè Sante Vil Doktè Ashwin Vasani te dirije.

Pou plis enfòmasyon sou varyòl senj lan, ale sou health.ny.gov/monkeypox.

Nouyòkè yo ka aprann plis sou [premye alokasyon vaksen gouvènman federal la isit la](#) ak [dezyèm alokasyon an isit la](#) nan Eta New York.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418